




# Anpeche Vèmin Antre nan Kwizin Ou

## Pa kite vèmin yo antre!



- Kontwole tout manje ki antre, anvan ou ranje yo nan yon plas.
- Lè pòt yo p ap sèvi, kenbe yo fèmen.
- Kenbe twal metalik fenèt yo fèmen.
- Kenbe poubèl ki deyò yo lwen pòt ak fenèt yo.
- Fè rapò si w wè twou nan miray, nan twal metalik, ak nan jwenti pòt yo.

## Pa kite dlo pou vèmin yo jwenn !




- Si gen likid ki koule, netwaye l touswit.
- Kenbe kote ou sere manje, ak kote ou pare manje yo pwòp epi sèk.
- Chak fwa ou fin sèvi ak yon bale mouye, oswa ak yon bokit, netwaye yo. Seche bokit yo, epi pandye bale mouye yo anlè yon kote pou fè dlo koule.
- Fè rapò si w wè wobinèt koule, oswa si gen kote pou dlo pase ki bouche, oubyen k ap koule, oswa lòt pwoblèm nan plonbri.



## Pa bay vèmin yo kote pou yo viv !

- Enspekte kote yo sere manje, pou wè si gen vèmin nan kote sa yo.
- Fè sipèvizè w konnen NENPÒT KI SA OU KWÈ KI KAPAB VLE DI GEN VÈMIN.
- Sere bagay ki fèt an papyè, oubyen ak bwat katon yo nan kote ki sèk, 6 pous pi wo pase atè a, epi lwen miray yo.
- Resikle oswa jete anbalaj an katon yo pi bonè ou kapab.
- Kenbe pyès kay kote yo mete fatra, oswa kote yo resikle yo pwòp epi sèk.
- Kenbe bouch drenaj ki atè yo, paswa yo, ak griy yo pwòp.
- Si gen kote ki fann oswa ki gen twou, sele yo ak mastik, oswa pentire yo.
- Retire fatra ak bagay ki resiklab nan kote a, omwens yon fwa chak semenn.



## Pa bay vèmin yo manje !

- Mete tout manje yo nan respidan fèmen ki fèt pou kenbe manje. Katon ak papyè pa kapab anpeche vèmin pase.
- Fè Premye-antre Premye-soti (ki rele FIFO). Pa melajne bagay pou manje nèf ak ansyen bagay pou manje ki sere.
- Anvan ou jete respidan manje ki dwe jete yo, rense yo.
- Chak fwa ou fin sèvi ak istansil pou fè manje, netwaye epi dezenfekte yo.
- Pase bale sèk ak bale mouye atè chak jou, epi kite atè a seche.
- Netwaye grès ki nan bouch vantilasyon, nan fou, an nan fwaye yo.
- Kenbe fatra ki depoze anndan kay yo nan poubèl ki gen sache chita anndan yo, epi ki kouvri, epi jete fatra a chak jou.
- Anvan ou mete fatra nan gwo poubèl ki deyò a, mete fatra a nan yon sache plastik ki sele ; gwo poubèl la dwe kouvri, epi rat pa dwe kapab antre ladan l.
- Kenbe mamit fatra yo, ak gwo poubèl ki deyò yo pwòp.

## PA SÈVI AK ENSEKTISID NAN KWIZIN OU

Se ajan sanitè ki gen lisans sèlman ki gen dwa mete ensektisid nan lekòl, nan sant pou okipe timoun lajounen, oswa nan kwizin komèsyal nan Massachusetts.



Fèt ak kowoperasyon Depatman Agrikilti Etazini. Se pwogram UMASS Extension Nutrition Education la ki fè dokiman sa a, avèk kowoperasyon pwogram UMASS Extension IPM lan, ansanm ak Massachusetts Partnership for Food Safety, avèk sipò Depatman Edikasyon Massachusetts. UMASS Ekstansyon bay tout moun menm chans nan pwogram ak nan travay. NU-0142: 07/2002

